

## Tès pou COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan yo (FAQ)

Genyen de (2) kalite tès prensipal:

- **Tès pou viris yo:** tès aplikatè oswa saliv yo itilize pou idantifye si yon moun **aktyèlman** genyen COVID-19 (sa vle di, si yo malad oswa pa malad aktyèlman).
- **Tès antikò yo** (ke yo rele tou **tès sewoloji yo**): tès san yo itilize pou idantifye si yon moun te genyen COVID-19 nan yon moman nan **tan pase a**.

### Tès Dyagnostik pou Enfeksyon Aktyèl yo

#### **Kijan yo fè tès dyagnostik la?**

Yo fè yon tès dyagnostik lè yo antre yon aplikatè (ki sanble ak yon pwent ki tankou Q) nan nen ou oswa nan gòj ou, oswa lè yo pran saliv ou. Dabitid yo bezwen voye echantiyon aplikatè oswa saliv la nan yon laboratwa, menmsi yo kapab fè kèk nan tès yo nan yon klinik yon founisè swen sante. Si ou genyen [sentòm](#) COVID-19 yo, ou ta dwe rete lakay ou toutotan sa posib pandan ou ap tann rezilta tès ou yo (epi, si ou pozitif, kontinye fè sa).

#### **Kimoun ki ta dwe fè yon tès dyagnostik pou COVID-19?**

Tout moun New York ta dwe fè tès pou COVID-19. Li enpòtan espesyalman pou ou fè tès la si ou genyen [sentòm](#), ou te nan kontak sere avèk yon moun ki te dyagnostike avèk COVID-19 oswa ki te gen sentòm COVID-19 yo, ou te patisipe dènyeman nan manifestasyon oswa lòt gwo rasanbleman, ou ap planifye pou vizite [yon moun ki anba gwo risk pou maladi grav](#), ou ap viv oswa travay nan yon anviwònman rezidansyèl pou gwoup (tankou yon mezon retrèt), oswa ou ap travay nan swen sante oswa ou genyen yon djòb ki enplike kontak sere regilye avèk lòt moun. Pou jwenn yon sit tès, vizite [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest).

#### **Kisa yon rezilta tès dyagnostik pozitif vle di?**

Yon rezilta tès **pozitif** vle di ke **ou gen anpil chans genyen COVID-19 kounye a** epi ou ta dwe rete lakay ou epi pran prekosyon pou redwi risk pou transmèt viris la, gen ladan itilize yon kouvèti pou figi ak pratike bon jan ijyèn men ak distans fizik. Enfòmasyon sou sa pou ou fè lè ou malad, fason pou pwoteje lòt moun yo, lè ou kapab kite lakay ou ak lè pou ou jwenn swen disponib nan [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus).

#### **Kisa yon rezilta tès dyagnostik negatif vle di?**

Yon rezilta tès **negatif** vle di ke ou gen anpil chans **pa** genyen COVID-19. Ou ta dwe kontinye pratike bon jan ijyèn men ak pratike distans fizik epi pote yon kouvèti pou figi. Sa enpòtan espesyalman si ou genyen sentòm yo paske li posib pou ou genyen viris la men tès la pa te detekte li.

### Tès Antikò pou Enfeksyon nan Tan Pase yo

#### **Kisa antikò yo ye?**

Antikò yo se pwoteyin espesyal yo ke kò a pwodwi pou ede li lite kont enfeksyon yo. Yo kapab pwodwi menm si moun lan genyen yon tikras oswa pa gen okenn sentòm yo. Li pran jeneralman kèk tan apre enfeksyon an pou kò a pwodwi antikò yo epi pou yo vini detektab nan san an. Pafwa antikò yo pwoteje

nou pou nou pa gen menm enfeksyon an ankò, **men nou pako konnen si sa vrè pou COVID-19**. Nou pako konnen tou nan konbyen tan kò a pwodwi antikò yo lè yon moun genyen COVID-19 oswa diferans posib yo nan kantite ak kalite antikò moun pwodwi kòm repons ak enfeksyon.

### **Ki objektif tès antikò pou COVID-19 la?**

Tès antikò a kapab ede nou konprann pi byen COVID-19, gen ladan fason kò a reponn ak viris la ak konbyen fwa viris la lakòz yon enfeksyon avèk sentòm yo. Li kapab ede nou tou evalye konbyen moun ki te genyen COVID-19. **Tès sa yo enpòtan pou sante piblik men yo difisil pou pèsònèl sante yo entèprete, paske nou pako konnen si antikò yo fè moun iminize kont viris la.**

### **Kimoun ki ka fè yon tès antikò?**

Antikò yo pran tan pou devlope lè yon moun malad, kidonk tès antikò yo pap kòrèk pou yon moun ki malad oswa te apèn malad. Yo **pa** ta dwe fè tès antikò a sou yon moun ki genyen sentòm COVID-19 yo, ki te genyen sentòm COVID-19 yo nan de (2) dènye semèn yo, oswa te genyen yon tès dyagnostik pozitif pou COVID-19 (baze sou dat yo te pran echantiyon an).

### **Kijan yo fè tès antikò a?**

Tès antikò a egzije yo pran yon echantiyon san oswa nan pwent yon dwèt oswa yo pran san nan yon venn nan bra ou. Yo pral voye echantiyon san ou lan nan yon laboratwa.

### **Kisa yon rezilta tès pou antikò pozitif vle di?**

Yon rezilta tès **pozitif** vle di ke yo te jwenn antikò yo nan san ou epi ke **ou gen chans te genyen COVID-19 nan yon moman kèlkonk nan tan pase a**. Sepandan, li posib tou ou pa te genyen COVID-19 men antikò yo detekte yo te soti nan yon enfeksyon ak yon viris ki an rapò ak li. Yo rele sa tou pafwa yon fo pozitif.

### **Si mwen teste pozitif, èske sa vle di mwen iminize kont COVID-19?**

Nou pa ko konnen si wi oswa non antikò ki devlope an repons ak COVID-19 yo pwoteje nou pou nou pa genyen li ankò oswa, si genyen pwoteksyon, konbyen tan li dire. Li enpòtan ke ou kontinye kenbe distans fizik, pratike bon jan ijyèn men ak pote yon kouvèti pou figi.

### **Kisa yon rezilta tès pou antikò negatif vle di?**

Yon rezilta tès **negatif** vle di ke yo te detekte antikò yo nan san ou epi ke ou gen anpil chans **pa** te genyen COVID-19. Sepandan, li kapab vle di tou ke ou te genyen COVID-19 men:

- Pa te genyen ase tan pou antikò yo te devlope, **oswa**
- Kò ou pa te pwodwi ase antikò pou tès la te kapab detekte yo, **oswa**
- Te genyen pwoblèm avèk egzaktitid tès antikò ke yo te itilize a

### **Si mwen teste pozitif, èske li san danje pou mwen nan mitan fanmi mwen ak lòt moun yo?**

Yon rezilta tès pozitif vle di ke ou gen chans te genyen COVID-19 nan yon moman kèlkonk nan tan pase a. Lè nou konsidere kantite tan ki te pase a, ou gen chans pa kontajye ankò ak enfeksyon an. Sepandan, nou toujou pa konnen si ou kapab genyen COVID-19 ankò.

**Èske rezilta tè s mwen an kapap afekte si mwen kapab ale travay ou pa?**

Non. Ni oumenm oswa anplwayè ou pa ta dwe itilize yon rezilta tè s pozitif oswa negatif pou pran okenn desizyon sou ale travay ou. Ou ta dwe kontinye pote yon kouvèti pou figi ak itilize ekipman pwoteksyon pèsonèl ke anplwayè ou a rekòmande kèlkeswa rezilta tè s ou a.

**Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.**

7.13.20